


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data nya éta subjék ti mana meunangkeun éta data (il. id.shvoong.com). Lantaran panalungtik ngagunakeun dokuméntasi anu datana mangrupa dokumén, jadi sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta novél *Tri Tangtu di Bumi* karya Yoséph Iskandar. Sabab ieu novél mangrupa novél pamungkas tina séri novél sajarah Karajaan Sunda Karya Yoséph Iskandar, sarta ieu novél kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 1997.

3.2 Léngkah-léngkah Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode nya éta cara utama pikeun ngahontal tujuan (Surakhmad, 1985: 131) dina il. repository.upi.edu. Méthode dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis. Déskriptif analisis pikeun ngadéskripsikeun sakabéh hasil analisis data nu saluyu jeung tiori Stanton. Unsur-unsur nu dianalisisna nya éta 1) téma jeung masalah, 2) fakta carita (galur, palaku, latar), jeung 3) sarana carita (judul, *point of view*, gaya basa).

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun tafsiran anu béda-béda kana ieu panalungtikan, ku kituna dijéntrékeun wangenan operasionalna.

1. Analisis struktural

Analisis struktural mangrupa hiji pamarekan ulikan kana hiji karya sastra. Analisis struktur karya sastra nu mangrupa fiksi bisa dilakukeun ku cara ngaidéntifikasi, ngulik, sarta ngagambarkeun éta karya sastra. Saperti kumaha kaayaan peristiwa-peristiwa, galur, palaku, latar, jihat sawangan, jeung sajabana.

2. Novél

Nya éta carita rékaan anu méré kesan lir enya-nya kajadian tur ukuranana panjang. Kajadian anu dicaritakeuna ogé loba sarta aya sababaraha kajadian anu nyambung atawa pakuat-pakait lantaran boh latar tempat boh latar waktu leuwih jembar.

3. Novél *Tri Tangtu di Bumi*

Mangrupa salasihiji judul novél karya Yoséph Iskandar. Ieu novél mangrupa novél pamungkas tina séri carita Karajaan Sunda sabada Perang Bubat.

4. Bahan ajar atawa matéri pembelajaran (*instructional materials*)

Bahan pangajaran mangrupa salasihiji komponén tina sistem pangajaran anu salawasna silih deudeul jeung silih lengkepan antara komponén nu hiji jeung komponén nu liana. Éta komponén diantarana tujuan, guru, sarana, fasilitas, jeung évaluasi pangajaran. Bahan pangajaran nya éta matéri anu bakal ditepikeun dina kagiatan diajar-ngajar.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta dokumén.

Dina ieu panalungtikan dugunakeun sistem tabél atawa sistem tabulasi pikeun nganalisis unsur-unsur karya sastra anu aya dina novél *Tri Tangtu di Bumi*. Udaganana nya éta sangkan gampang dina nganalisis data sarta gampang nyieun kacindekan.

Dina ieu panalungtikan aya dua tabél analisis nu digunakeun. Nu kahiji, ngeunaan palaku jeung watekna, kadua ngeunaan latar carita.

Ieu di handap tabél-tabél nu dimaksud.

Tabél 1

Téma jeung masalah dina novél *Tri Tangtu di Bumi*

| Téma | Masalah | Kode data |
|------|---------|-----------|
| (1) | (2) | (3) |

Tabél 2

Peristiwa carita dina novél *Tri Tangtu di Bumi*

| No. | Peristiwa | Kode data |
|-----|-----------|-----------|
| (1) | (2) | (3) |

Tabél 3

Palaku carita jeung watek dina novél *Tri Tangtu di Bumi*

| No. | Ngaran Palaku | Kalungguhan Palaku | Kagambar dina kaca - |
|-----|---------------|--------------------|----------------------|
| (1) | (2) | (3) | (5) |

Tabél 4

Latar tempat, waktu, jeung suasana dina novél *Tri Tangtu di Bumi*

| No. | Latar Tempat | Latar Waktu | Latar Suasana | Kode data |
|-----|--------------|-------------|---------------|-----------|
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) |

Tabél 5

Gaya basa dina novél *Tri Tangtu di Bumi*

| No. | Gaya basa | Gaya basa nu kapanggih dina novél | Kode data |
|-----|-----------|-----------------------------------|-----------|
| (1) | (2) | (3) | (4) |

Pikeun ngumpulkeun data, dina ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data pikeun nuliskeun data nu dipaké dina ngalanisis unsur-unsur carita saluyu jeung tiori stanton.

Gambar 3.1
Conto kartu data

| | |
|-----------------------------|--|
| Kode data: | |
| Unsur nu dianalisis: | |
| Cutatan: | |

Gambar 3.2
Conto analisis data

| | |
|-----------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Kode data: | 1.1.6 |
| Unsur nu dianalisis: | Téma jeung masalah |
| Cutatan: | Putusan sawala para pangagung Nagri Galuh jeung Nagri Sunda di Nagri Batulayang, kalawan disatujuan ku purohita nagara masing-masing geus sumebar. |

Dina pengkodean data, dilakukeun dumasar unsur nu dianalisis, kaca, jeung paragraf data nu aya dina sumber datana. Contona kode data 1.1.6. 1 mangrupa kode pikeun unsur téma jeung masalah. 1 mangrupa kode urutan data. 6 mangrupa kode kaca. Di handap ieu mangrupa kode pikeun unsur-unsur carita numutkeun tiori stanton nu diasupkeun kana kartu data.

1 = téma jeung masalah

2 = galur

3 = palaku

4 = latar

5 = *point of view*

6 = gaya basa

3.6 Téknik ngumpulkeun data

Teknik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ieu panalungtikan nya éta telaah pustaka. Dina ngumpulkeun data, dipaké instrumén kartu data. Data nu dikumpulkeun nya éta unsur-unsur carita saluyu jeung tiori Stanton. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nya éta:

1. Maca sagemblengan téks novél;
2. Nyirian data nu patula-patali jeung unsur-unsur carita saluyu jeung tiori Stanton, hal nu dicirian diantaranya: masalah, kajadian, palaku, latar tempat, latar waktu, jihat sawangan, jeung gaya basa; sarta
3. Ngasupkeun data-datu nu geus dicirian kana kartu data sangkan babari ngaanalisisna.

3.7 Téknik ngolah data

Téknik anu digunakeun pikeun ngolah data ieu panalungtikan nya éta analisis data. Téknik analisis data pikeun ngaanalisis unsur-unsur karya sastra numutkeun Stanton nya éta 1) Téma jeung masalah, 2) Fakta carita (galur, palaku, jeung latar), sarta 3) Sarana carita (judul, *point of view*, jeung gaya basa) anu aya dina novél *Tri Tangtu di Bumi*. Léngkah-léngkahna diantaranya:

1. Ngaanalisis sakur data nu geus dikumpulkeun, tuluy ngadéskripsikeun jeung ngainterprétasikeun éta data luyu jeung ntiori nu dipaké péso dina ieu panalungtikan;
2. Hasil panalungtikan dijadikeun bahan pangajaran maca di kelas XI;
3. Nyindekkeun hasil analisis data; tuluy
4. Nyieun laporan kana wangun skripsi tina hasil ngaanalisis data dina ieu panalungtikan.